


Zvauchaitirwa neShoko raMwari (Chikamu 6)



Chikamu 6/6

Zvauchaitirwa neShoko raMwari
Na Derek Prince

Wagadzirira kutarisa mugirazi here? Kubatsirwa kweShoko raMwari kunogona kutiponesa—kutibatsira kuchinja sezvinodiwa uye kururamisa nzira. Asi, senguva dzose, kune matanho chaiwo atinofanira kutora kuti tiise bhenefiti iyi mukuita. Uye ndizvo zvakaita Tsamba yeKudzidzisa iyi.

Mhinduro mbiri Dzakakosha

Muna Jakobho 1:21–25, tinoverenga nezvebasa reShoko raMwari matiri uye kuti tinofanira kurigamuchira sei:

Zvatichatanga kuona mugirazi munhu mutsva watiri muna Kristu zvechokwadi. Sekupfuuridzirwa kweichi zvokwadi, tinopfuurira kurava muna 2 VaKorinte 5:21 :

> “Mwari akaita Uyo akanga asingazivi chivi [ndiye Jesu] kuti ave chivi nokuda kwedu, kuti maari [Jesu] isu tive kururama kwaMwari.” (NIV)

Hekuno kukosha kwemavhesi maviri aya. Kana tangova muna Kristu, patinotarisa mugirazi, hatichazvioni tiri muchimiro chedu chezvivi. Asi, tinozviona isu pachedu nekururama kwaMwari kuburikidza nekutenda muna Kristu kunoverengerwa kwatiri. Sokutaura kunoita Isaya 61:10 chokwadi ichi:

> “Ndinofarira Jehovha kwazvo; mweya wangu unofarira Mwari wangu; Nokuti akandipfekedza nguo dzoruponeso, akandipfekedza nguo yokururama, somuroori anoshongedza musoro wake somupristi, uye somwenga anozvishongedza nezvishongo zvake.” (NIV)

Zvinotsanangurwa nalsaya pano ndizvo zvatinoratidzwa negirazi kana tiri muna Kristu. Hatichaoni mamvemve etsvina ekuzviruramisa kwedu pachedu, kubva kunyangwe zvakanakisa zvatingagona kuita, kungwara kana kugona kwenjere. Pane kudaro, tinozviona takapfeka zvipfeko zvakasiyana zvachose. Tinozviona takapfeka nguwo yeruponeso nenguo yekururama. Tinozviona takapfeka

© 2015 - Derek Prince Ministries, International, Inc.

kururama kwaJesu Kristu, uye tinotanga kuona Mwari achitipa nyasha dzepamweya uye nekunaka kwemweya.

Tarira Kubwinya Kwake

Muna 2 VaKorinte 3:18, tinoona imwe ndima yakaisvonaka pamusoro pegirazi reShoko.

> “Asi isu tose, nechiso chisina kufukidzwa tichitarira sapagirazi kubwinya kwaShe, tinoshandurwa tichifanana nomufananidzo iwoyo kubva pakubwinya kuenda pakubwinya, sezvinobva kunaShe, Mweya.

Muvaravara uyu unotsanangura kushanduka kuri kuitika muhupenyu hwedu. Nguva yose yatinenge takatarisa muchivoni voni cheShoko raMwari muchimiro chokuzaruka kuMweya Mutsvene, Mweya Mutsvene iwoyo uri kutishandura kuti tifanane nezvatiri kutarisa.

Tinoona Jesu zvishoma, uye apo Mweya Mutsvene paanofamba mumwoyo yedu, tinova saJesu pachinhu ichocho. Tinobva tatarisa kumashure mugirazi; kuwana maonero matsva pamusoro paJesu, uye Mweya Mutsvene anotishandurawo saizvozvo.

Patinoramba takatarira mugirazi reShoko raMwari, ndipo patinonyanya kuona kubwinya kwaShe kunoratidzwa mugirazi iroro. Kunyanya patinoona kubwinya kwaJesu, ndipo patinonyanya kushandurwa kuva mairi neMweya Mutsvene.

Zvisinei, tinofanira kuyeuka chinhu chimwe chakakosha. Patinenge takatarisa muchivoni voni cheShoko raMwari ndipo patinoshandurwa noMweya. Apo patinobvisa maziso edu kubva pagirazi—apo patinotendeukira kuhuchenjeri hwevanhu, dzidziso dzedzidziso dzevanhu kana kunyange dzidziso dzebhaibheri dzevanhu—Mweya Mutsvene hauchagoni kushanda matiri.

Mweya Mutsvene unoshanda kana tikatarisa Shoko raMwari nokutenda. Anoshanda matiri apo tinobvumira Shoko kuti riratidze kwatiri izvo Mwari anoda kuti tive uye zvatinogona kuva muna Kristu. Kana tichiita izvi, tinoramba tichishandurwa kubva pakubwinya kuenda kune kumwe kubwinya. Mweya waMwari unofamba uye unoshanda pamwoyo yedu nemuhupenyu hwedu, uchitiita kuti tive vakafanana nezvatakaona muchivoni voni cheShoko.

Unoda Kutarisa Here?

Zvingangodaro sezvawanga uchiverenga chokwadi chedzidziso iyi kuti chido chiri kutanga kukura mumwoyo mako. Chimwe chinhu chiri mukati mako chiri kuti, “Ndizvo zvandinoda kuti zviitike kwandiri! Ndinoda mumwe mufananidzo wangu.”

Ungada here kukumbira Ishe izvozvi kuti vakubatsire kuita shanduko mukuita kwako? Kana chiri icho chido chako, ndapota namata mashoko anotevera neni.

Tinoona zvirevo zviviri mundima. Zviri pachena kuti Shoko raMwari parinouya kwatiri, pane zvinhu zviviri zvatinofanira kuita: tinofanira kurigamuchira tichizvininipisa, uye tinofanira kuita zvarinotaura. Mukusimbisa aya matanho maviri anokosha, Jakobho anoshandisa muenzaniso wegirazi. Anoti patinoverenga Shoko raMwari tosangana nechokwadi charo, Shoko rakaita segirazi rakasimudzwa mumaziso edu. Inotiratidza zvatiri chaizvo. Chivoni voni cheShoko raMwari hachitiratidzi zvimiro zvedu zvokunze, asi panzvimbo pezvo chinotiratidza chimiro chedu chomukati nechimiro.

| Ndinokupa zano kuti pane matanho matatu atinofanira kutora. Chekutanga, tinofanira kugamuchira chizaruro chaMwari uye kwete kuita nharo nacho. Tinofanira kuti, “Ndizvozvo. Ndizvo zvandiri chaizvo.” Chechipiri, tinofanira kutenda muzvipikirwa zvaMwari—zvivimbiso zvinouya nguva dzose nezvakazarurwa Zvake. Uye chechitatu, nokutenda, tinokodzera gadziriro yaMwari.

Kana tichida kutora matanho matatu ari nyore aya, shanduko inoshamisa ichauya matiri. Hatizongooni chete muchionioni cheShoko raMwari zvatiri mumugariro wedu wokutadza tisina Kristu. Asi, tinozotanga kuona zvatiri muna Kristu. Shoko richatiratidza kushanduka kunoshamisa kwemukati kwakaitika matiri. Kana izvozvo zvikaitika, tichatanga kuona chokwadi chinotaurwa pana 2 VaKorinde 5:17 :

Ishe, ndinoda kuisa chivoni voni chenyu—Shoko raMwari—kuti rishande muhupenyu hwangu. Ndinozvipira ikozvino kuongorora Shoko renyu uye kubvumira Shoko renyu kuti rindiongorore. Sezvo ini ndichiona izvo zvinoda kushandurwa nekugadziriswa, ini ndichagamuchira ongororo Yako uye ndotora zviito zvakakodzera. Ndichazvigamuchira, uye kwete kuita nharo—ndichibvumirana nezvaMunondiratidza. Ndichagamuchira zvivimbiso zveNyu, uye nekundikodzera gadziriro yenyu.

Ndinokutendai, Ishe—kuti chirongwa chenyu ndechekundishandura neshoko renyu uye kubudikidza nesimba roMweya wenyu Mutsvene. Pandinoona zvandiri zvechokwadi kubudikidza naJesu, ndinoshuva kushandurwa kuti ndive mufananidzo wake une mbiri. Ndinokutendai, Ishe, nekuita kuti izvi zvigoneke muhupenyu

hwangu kuburikidza negirazi reShoko renyu, uye nesimba reMweya Mutsvene. Ameni.

Tsamba Yokudzidzisa

Transcript: TL-L107-100-SNA
Yapedzisira kuiswa: 29 Oct 2026
Webhusaiti: Derekprince.com/sn/resources

